amul benn Yonnente bu Yàlla yónni ci xeet yi ma jiitu lu dul ne am na ci aw xeetam ñu koy dimbali ak ay àndandoo yu jàpp ci yoonam di roy ci mbiram

Jële nañu ci Abdallah Ibn Mashuud yal na ko Yàlla dollee gërëm mu wax ne: Yonnente Yàlla bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc nee na: «amul benn Yonnente bu Yàlla yónni ci xeet yi ma jiitu lu dul ne am na ci aw xeetam ñu koy dimbali ak ay àndandoo yu jàpp ci yoonam di roy ci mbiram, topp ginnaaw ga nag ñu bon wuutu leen di wax lu ñu dul def, di def lu ñu leen digalul, ku leen xeex ci loxoom kooku aji-gëm la, ku leen xeex ci xolam kooku aji-gëm la, ginnaaw loolu nag feppu ngëm amu fa».

[Wér na] [Muslim soloo na ko]

Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc day xibaare ne amul benn Yonnente bu Yàlla yónni ci xeet yi ko jiitu lu dul ne dana am ci aw xeetam ay tànneef ñu koy dimbali di ay jihaadkat di way-sellal dañuy jekk ci jiite xilaafa gi ginnaawam; jàpp ci yoonam wi, di roy ci mbiram, topp ginnaaw mag ñu baax ñooña ay nit ñëw ñoo xam ne yiw nekkul ci ñoom; dañuy wax lu ñu dul def, di def lu ñu leen digalul; ku leen xeex ci loxoom kooku aji-gëm la, ku leen xeex ci làmmiñam koolu aji-gëm la, ku leen xeex ci xolam it aji-gëm la, ginnaaw loolu nag feppu ngëm nekku fa.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/3480